

# Pwogram Asistans pou Deplasman Migran (MRAP) Dwa ak Responsabilite Patisipan

## Entwodiksyon

MRAP bay sipò pou deplasman volontè soti nan Vil New York pou ale nan lòt konte nan Eta New York ki te dakò pou bay sèvis deplasman. Patisipasyon nan MRAP se yon bagay volontè. Yo konsidere w kòm yon Patisipan MRAP apre w fin konfime ou enterese nan deplasman, yon moun Depatman Sèvis pou Sanzabri (DHS) oswa yon Founisè Sèvis pou Asistans Tanporè ak Andikap (OTDA) deziyen detèmine ou kalifye, ou dakò pou w patisipe nan pwogram nan, epi ou siyen yon fòm konsantman.

Lè w rive nan konte k ap patisipe ke w chwazi a, Founisè Sèvis MRAP la, yon òganizasyon ki baze nan kominote a, pral enskri w nan MRAP. Sipò ak sèvis MRAP yo disponib pou ou menm ak fanmi ou pou jiska yon ane. Founisè Sèvis MRAP la pral bay asistans avèk bezwen materyèl ak sèvis sipò pou ede ou menm ak fanmi w gen pi bon chans posib pou rive pran swen pwòp tèt ou ak entegre nan nouvo kominote w la. Ou menm ak fanmi w dwe jwe yon wòl aktif tou lè w kolabore ak Founisè Sèvis la. Si ou menm oswa nenpòt adilt nan fanmi w gen otorizasyon epi kapab travay, y ap ede w jwenn yon travay apwopriye epi w ap bezwen kontribiye nan depans fanmi w.

Founisè Sèvis MRAP la ap ede w avèk aplikasyon ak avi Depatman Sekirite Enteryè Etazini (United States Department of Homeland Security, USDHS) oswa Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (Executive Office for Immigration Review, EOIR), ak transpò pou randevou USDHS oswa EOIR. Si sa nesèsè, Founisè Sèvis la ap refere w bay yon avoka oswa yon founisè sèvis legal nan nouvo kominote w la.

Dwa ak responsablite patisipan MRAP yo dekri nan pwochen paj yo. Si w pa respekte nenpòt nan responsablite yo, sa ka lakòz yo sispann patisipasyon w nan pwogram nan.

## Dwa Patisipan nan MRAP

1. Founisè Sèvis MRAP nan konte kote w prale a dwe rankontre w lè w rive epi li dwe bay transpò pou ale nan lojman pou lokasyon avèk mèb esansyèl, ak sèvis oswa referans pou lòt asistans pou satisfè bezwen imedyà w yo tankou apwopriye kiltirèlman, pare pou manje; rad sezonye; swen medikal; ak asistans finansye.
2. Apre w fin deplase, ou ka resevwa asistans sa a nan konte k ap resevwa a pou jiska yon ane, sof si peryòd sèvis ou a pwolonje:
  - Asistans finansye
  - Asistans ak bezwen materyèl tankou:
    - manje ak alokasyon manje
    - rad ki nesese
    - lòt nesese
  - Sèvis Sipò tankou:
    - Asistans pou aplike pou kat sekirite sosyal
    - Jwenn tès depistaj sante
    - Aksè ak lòt sèvis sante ak sante mantal ki nesese
    - Jwenn benefis ki apwopriye
    - Lòt sèvis sosyal
    - Enstriksyon nan lang angle
    - Enskripsyon pitit ou nan lekòl
    - Enskripsyon nan sèvis travay\*
    - Transpò pou entèvyou travay\*
    - Fòmasyon nan travay\*

\* Enskripsyon nan sèvis travay, transpò pou entèvyou travay, ak fòmasyon nan travay ka depann de si ou gen otorizasyon pou travay nan peyi Etazini.

3. Ou gen dwa pou jwenn yon lojman ki an sekirite, pwòp ak abòdab pandan w ap patisipe nan MRAP.
4. Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon ak sèvis MRAP nan lang ou chwazi a atravè sèvis entèpretasyon Founisè Sèvis MRAP la òganize.
5. Ou gen dwa pou yo refere w bay yon founisè sèvis legal ki akredite pou ede w ak imigrasyon w ak/oswa lòt pwoblèm legal si sa nesese.
6. Se Founisè Sèvis MRAP la ki detèmine kantite ak kalite asistans MRAP ou resevwa a epi li baze sou sikonstans endividyèl fanmi w ak enfòmasyon ou bay yo.
7. Ou gen dwa pou jwenn asistans nan men Founisè Sèvis MRAP la pou jwenn dokiman ak enfòmasyon enpòtan sou ou menm ak fanmi w k ap ede w vin otonòm epi jwenn sekirite ekonomik.
8. Ou gen dwa pou resevwa sèvis san diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, sèks, relijyon, kwayans politik, idantite seksyèl, estati transeksyèl, disfori seksyèl, oryantasyon seksyèl, eta sivil, estati militè ak reprezay oswa vanjans poutèt aktivite dwa sivil anvan.
9. Ou gen dwa pou chèche asistans si ou panse ke yo te fè diskriminasyon kont ou nan MRAP, oswa ke yo te trete ka ou a mal akòz kèk kalite diskriminasyon, lè w kontakte Biwo Sèvis Refijye OTDA a, 518-402-3096 oswa [MRAP@otda.ny.gov](mailto:MRAP@otda.ny.gov)
10. Ou gen dwa pou mete fen nan patisipasyon w nan MRAP nenpòt ki lè. Si w mete fen nan patisipasyon w nan pwogram nan, tout sèvis MRAP ak asistans finansye ap fini tou nan moman sa a.

## Responsablite Patisipan MRAP yo

1. Ou konprann, anvan w deplase, si w deside ou pa vle patisipe nan MRAP ankò, ou dwe enfòmè OTDA oswa Founisè Sèvis DHS la imedyatman.
2. **Ou responsab pou jwenn yon konsiltasyon legal swa poukont ou oswa atravè yon referans nan men Founisè Sèvis OTDA oswa DHS, si sa aplikab, pou diskite sou efè depasman ka genyen sou ka imigrasyon ou ak/oswa nenpòt lòt zafè legal, epi kòmanse oswa kontinye pwosesis pou estabilize estati imigrasyon ou si sa nesese. Ou responsab pou w konprann nenpòt efè depasman ka genyen sou dosye imigrasyon w lan oswa sou lòt zafè legal yo. Kèk bagay ki ka afekte dosye imigrasyon w lan gen ladan yo, men se pa sa sèlman, pa ranpli yon fòm chanjman adrès, oswa mande pou chanje tribinal ki pral tande ka imigrasyon w lan. Ou konprann yo rekòmande anpil pou w gen yon konsiltasyon legal anvan depasman pou konprann nenpòt efè ke depasman ta ka genyen sou dosye imigrasyon ou a. Si ou vle refize yon konsiltasyon legal, ou responsab pou enfòmè Founisè Sèvis OTDA oswa DHS la.**
3. Apre depasman, ou responsab pou w notifye otorite federal yo sou chanjman adrès ou ki enkli men pa limite

a Depatman Sekirite Enteryè, Sèvis Imigrasyon ak Kontwòl Ladwàn, USCIS, ak Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (EOIR).

4. Apre deplasman, ou responsab pou travay ak yon founisè sèvis legal pou kòmanse oswa kontinye pwosesis pou estabilize estati imigrasyon ou, si sa nesesè.
5. Ou responsab pou respekte egzijans USCIS ak EOIR, règleman ak direktiv, epi si sa nesesè, ranpli tout fòm obligatwa yo epi ale nan tout randevou ak odyans yo pou kenbe oswa estabilize estati imigrasyon ou.
6. Ou konprann ke sèvis MRAP ak asistans finansye yo pral fini apre 12 mwa, sof si yo fè yon eksepsyon, epi nan fen 12 mwa yo fanmi w ap bezwen gen yon plan sou pye pou sipòte tèt li san asistans MRAP.
7. Ou responsab pou bay prèv kèk bagay pou w ka enskri epi resevwa sèvis ak asistans MRAP. Enfòmasyon ak dokiman ou bay yo dwe se laverite ak egzat. Founisè Sèvis MRAP la ak/oswa lòt ajans ki bay benefis piblik yo ka mande w pou bay prèv:
  - Idantite
  - Laj
  - Adrès
  - Aranjman pou viv
  - Depans pouabri/lwaye
  - Nimewo Sekirite Sosyal
  - Kondisyon Sitwayènte oswa Imigrasyon
  - Revni ou touche
  - Revni ou pa touche
  - Resous finansye oswa lòt
  - Prezans nan lekòl pou sila yo ki lekòl
  - Asirans Sante
  - Sèvis piblik oswa lwaye ki pa peye yo
  - Bòdwo medikal ki peye oswa ki pa peye
  - Si Ou se yon Moun Ki Depann de Dwòg/Alkòl
  - Andikap, Enkapasite oswa Gwosès
  - Lòt Depans/Swen pou timoun oswa lòt depandan
8. Ou responsab pou rapòte chanjman nan bezwen, revni, travay, asirans sante, konpozisyon fanmi, aranjman pou viv, adrès, sitiyasyon imigrasyon, kondisyon sante oswa lòt sitiyasyon bay Founisè Sèvis MRAP la pi vit posib.
9. Ou responsab pou ale ak/oswa repwograme tout randevou ak Founisè Sèvis MRAP la epi reponn tout demann ak kominikasyon Founisè Sèvis MRAP la alè.
10. Anba direksyon Founisè Sèvis MRAP la, se responsablite w pou w patisipe nan aktivite k ap ede w jwenn ak kenbe yon travay.
11. Si ou menm oswa nenpòt granmoun nan kay ou poko otorize pou travay Etazini, ou dwe kolabore ak Founisè Sèvis la ak/oswa yon founisè sèvis legal nan tout etap ki nesesè pou aplike pou otorizasyon travay.
12. Si ou gen otorizasyon epi ou kapab travay, ou oblije travay avèk Founisè Sèvis MRAP la pou jwenn yon travay legal ke ou kapab fè.
13. Si ou gen otorizasyon epi ou kapab travay, yon fwa ou jwenn yon travay legal ak apwopriye, ou responsab pou kontribiye nan lojman fanmi ou ak depans nan kay la. Y ap re-evalye kantite kontribisyon w chak 90 jou dapre revni w ak depans ou yo.
14. Ou ka responsab pou siyen kontra lwaye apatman w lan epi w ap responsab kondisyon kontra lwaye sa a, ki gen ladan responsab finansyèman pou dire kontra lwaye a.
15. Pandan w ap patisipe nan MRAP, deplase soti nan lojman yo bay la san w pa kowòdone ak Founisè Sèvis MRAP la ka lakòz yo sispann patisipasyon w nan pwogram nan, ki gen ladan sispansyon asistans finansye pou ede peye pou nenpòt mwa ki rete nan kontra lwaye a.